

Kisa Twoub Espèk Otis ye?



Twoub espèk otis (autism spectrum disorder, ASD) se yon twoub newo-devlopman yo defini avèk defisi pèsistan nan komunikasyon sosyal ak entè-aksyon sosyal, epi ki vini avèk modèl konpòtman, enterè ak aktivite ki gen restriksyon epi ki repetitif.



Anjeneral, siy ASD parèt aklè sou timoun piti yo. Menmsi yo toujou konsidere li kòm yon dyagnostik avi, avèk entèvansyon bonè ki apwopriye, moun ki gen ASD kapab mennen lavi ki pwodiktif, konplè ak satisfèzan. Anpil timoun ki gen ASD travay byen nan lekòl, yo patisipe nan aktivite yo renmen, yo ale nan kolèj, epi yo jwenn travay lè yo gen laj adilt.

Pou pifò paran ak pwofesyonèl yo, ASD kapab se yon kastèt aktif ak twoub konplèks. Menmsi yo poko dekouvri anpil mistè, nou konnen anpil bagay sou sa pase nou te konnen 10 zan anvan. Menm jan konpreyansyon nou evolye sou anpil ane, fason nou defini, dekouvri ak trete ASD evolye tou.

Èske gen diferan kalite ASD?

Yo konn rele ASD Twoub Devlopman Pwofon (Pervasive Developmental Disorder, PDD). Tèm sa yo vle di menm bagay la. PDD se klasman dyagnostik nan DSM-IV (4yèm edisyon manyèl dyagnostik twoub mantal yo pi itilize anjeneral, yo pibliye nan Asosyasyon Sikyatrik Ameriken nan ane 1994). Nan DSM-IV, PDD te mete senk (5) kalite kategori: twoub otistik, twoub Asperger, twoub dezentegratif timoun, sendwòm Rett, ak twoub devlopman pwofon-ki pa presize (PDD-NOS).

Asosyasyon Sikyatrik Ameriken (American Psychiatric Association) te pibliye nouvo senkyèm edisyon DMS nan mwa me 2013. Nan DSM-5, tèm ASD ranplase PDD. Answit, DSM-5 pa gen okenn kategori anba ASD yon fason pou tout moun ki satisfè kritè dyagnostik la ap tonbe anba yon espèk otis. Chanjman sa a te fèt paske rechèch endike kategori ki te anba PDD kapab distenge yon fason serye. Sa vle di kategori twoub otis, twoub Asperger, ak PDD-NOS p ap sèvi ankò—olye sa, dyagnostik ASD p ap sèvi pou kouvri tout espèk la.

Kijan doktè dekouvri ASD?

Li kapab difisil pou doktè dekouvri ASD paske pa gen tès medikal oswa paske pa gen tès san. Dyagnostik la baze sou sentòm oswa karakteristik konpòtman. Karakteristik sa yo gen ladan absans oswa reta nan etap enpòtan devlopmanmantal nòmal ak prezans konpòtman iregilye.

Dyagnostik la kapab gen ladan yon pwosesis an de (2) etap. Premye etap la se depistaj doktè fè anjeneral nan vizit timoun ki an sante avèk lis depistaj valab paran yo ranpli. Dezyèm etap la se yon evalyasyon dyagnostik jeneral yon ekip milti-disiplinè fè souvan pou yo rasanble enfòmasyon nan yon entèvyou ak obsèvasyon estriktire.

Deteksyon bonè vle di aksè nan entèvansyon bonè. Yon pwofesyonèl ki gen eksperyans kapab fè yon dyagnostik ASD apeprè nan laj 18 a 24 mwa, men souvan doktè pa dekouvri ASD jouk lè timoun nan gen laj 3 zan a 5 kan oswa pita, apre fenèt opòtinite pou entèvansyon ki bonè anpil. Akademi Pedyatri Ameriken (American Academy of Pediatrics) rekòmande pou yo evalye tout timoun pou ASD lè yo gen laj 18 tan a 24 mwa.



Kisa premye avètisman ASD ye sou jèn tibebe yo?

Karakteristik dyagnostik ASD kapab fasil pou rate sou jèn timoun yo. Sin ou chèche avètisman posib yo oswa premye siy yo sa ka ede ou jwenn timoun ki arisk pou ASD, ak timoun ki bezwen yon evalyasyon dyagnostik. Si pitit ou montre kèk nan avètisman ki endike anba la yo, pale avèk doktè pitit ou. Si oumenm oswa doktè pitit ou gen enkyetid sou ASD posib, mande yon referans pou wè yon espesyalis devlopmantral oswa ou kapab kontakte pwogram entèvasyon bonè lokal ou.



Avètisman ASD sou Jèn Tibebe

Kominikasyon Sosyal

- ☐ Itilizasyon limite jès tankou bay, montre, leve men, frape men, lonje dwèt oswa souke tèt
- ☐ Pwononsyasyon anreta oswa pa gen babiyaj/konvèsasyon sosyal
- ☐ Fè son dwòl oswa gen yon ton vwa iregilye
- ☐ Difikilte pou itilize kontak nan zye, jès, ak son oswa mo tout anmenmtan
- ☐ Yon ti imitasyon oswa pa fè tankou li imite lòt moun
- ☐ Te sispann itilize mo yo te konn di
- ☐ Itilize men yon lòt moun kòm yon zouti (pa egzanj, mete men paran nan yon bokal pou yo debouche bokal la)

Entè-aksyon Sosyal

- ☐ Pa sanble nòmal avèk moun oswa difisil pou fè yo gade ou
- ☐ Pa ekspresye ekspresyon chalere ak kè kontan
- ☐ Pa reponn lè yon moun rele non yo
- ☐ Pa atire atansyon ou nan bagay yo oswa pa montre ou bagay yo enterese ladan
- ☐ Pa montre kè kontan oswa enterè avèk lòt moun

Konpòtman repetitif ak Enterè ki Gen Restriksyon

- ☐ Fason iregilye pou bouje men, dwèt, oswa tout kò a
- ☐ Devlope rityèl tankou mete objè an ran oswa repete bagay yo anpil fwa
- ☐ Konsantre anpil sou kalite objè iregilye oswa atache avèk yo, tankou bann twal, kiye bwa, wòch, ayerasyon, oswa papòt yo
- ☐ Anpil enterè nan objè patikilye, aksyon, oswa aktivite ki nuizib pou entè-aksyon sosyal
- ☐ Enterè sansoryèl iregilye tankou pran sant objè oswa fè atansyon nan kwen zye yo
- ☐ Reyaksyon egzajere oswa sou-reyaksyon nan sèten son, teksti, oswa lòt enfòmasyon sansoryèl